

**AVI SOU LÒD TRIBINAL KAP EGZIJE POU YO PRAN LÒT DESIZYON SOU DETANSYON**  
**MOUN KI GEN FAKTÈ RISK POU COVID-19**

**SI OU**

- **GEN PLIS PASE LAJ 55 LANE**
- **OU ANSENT**
- **OU GEN PWOBLEM SANTE MANTAL OSWA MEDIKAL OSWA SI OU GEN YON ANDIKAP KI METE W ARISK POU COVID-19**

**ALÈKILE ICE FÈT POU L REKONSIDERE SI LI KAPAB KONTINYE KENBE W AN DETANSYON.**

Nan dat 20 avril 2020, yon tribunal federal apwouve yon "aksyon kolektif" nan yon pwosè ki rele *Fraihat v. ICE*, ki mete an kesyon kondisyon medikal ki genyen nan enstalasyon detansyon ICE yo. Yon aksyon kolektif se yon pwosè yo inisyé anfavè yon gwoup moun. Ou fè pati de "aksyon" sa a si w gen youn nan Faktè Risk swivan yo ki mete w arisk pou sibi domaj akòz coronavirus/COVID-19:

Ou gen plis pase laj 55 lane;	Maladi ren
Ou ansent;	Maladi oto-iminitè
Ou gen pwoblèm medikal kwonik, tankou: maladi kadyovaskilè (ensifizans kadyak konjestif, istorik enfaktis miyokad oswa ou te fè operasyon nan kè)	Maladi respiratwa kwonik (opresyon, maladi pilmonè obstruktif kwonik tankou, bwonchit kwonik oswa anfizèm, oswa lòt maladi pilmonè);
Tansyon wo	Maladi sikuatrik grav
Maladi fwa	Ou te fè grèf ògàn
Dyabèt	VIH/SIDA
Kansè	

Si w gen nenpòt nan Faktè Risk ki make anlè a, alèkile ICE **fèt** pou l revwa si li ka kontinye kenbe w an detansyon toujou. Sa aplikab menm si yo te refize akòde w libète kondisyonèl, kosyon, oswa habeas, anvansa. Sa aplikab tou kèlkeswa klasifikasyon detansyon ou, menm si anvansa yo te kondane w poutèt yon krim ki lakoz yo te mete w an detansyon obligatwa.

Avoka kap reprezante aksyon kolektif la ap travay pou asire ke ICE respekte lòd tribunal la te pran nan dat 20 avril la konsènan reyakson li parapò ak pandemi COVID-19 la, sepandan, avoka sa yo pap kapab reprezante w nan ka imigrasyon w lan. Kabinè avoka kap reprezante aksyon kolektif la se, Southern Poverty Law Center, Civil Rights Education & Enforcement Center, Disability Rights Advocates, Orrick Herrington & Sutcliffe LLP, ak Willkie Farr & Gallagher LLP.

Si w bezwen gen plis enfòmasyon sou lòd tribunal la te pran nan dat 20 avril la oswa si w ta renmen bay plis enfòmasyon, tanpri kontakte: Yap Soumèt Enfòmasyon Sa a Konfòmeman ak Lòd yo pase ICE pou l Asire Metòd Apèl Konfidansyèl.